

CENTRAL BROOKLYN COMMUNITY SUPPORTED AGRICULTURE (CBCSA)

Yon CSA se yon bon mwayen pou sipote yon jaden lokal pandan ou ap resevwa pwodwi ki fre e ki gen bon gou nan bouch.

Pou patisipe, tout manb yo enskri e yo peye davans pou sezon legim yo. Anplis de sa, manb yo kapab ajoute ze, fwi, ak fle. Apresa, manb yo va ale pran pati pa yo apati de yon ore, chak semen oswa chak de semen.

Le yo peye bone, manb yo asire yo ke agrikilte lokal yo gen ase lajan pou sipote moun kap travay yo ak pou sipote pwodwi yo nan jaden yo pandan sezon yo. Agrikilte yo planifye pou gen rekolt ki solid chak ane men kom nou pa ka pwevwa sa lanati ap bay, kantite ak tip de pwodwi yo varye apati de sezon yo.

Pri pati chak manb ki ap investi yo depann de kantite lajan ou rantre. E nou aksepte SNAP tou.

Sezon lete a komanse apati de mwa Jen pou rive mwa Oktob, sezon fredri a komanse mwa Novanm pou rive mwa Fevriye (ou rekolte chak mwa).

Majorite fwa enskripsyon fini yon semen oswa de semen avan sezon yo komanse. Nou pa ka enskri moun pandan nou nan mitan yon sezon ki komanse deja. Men ou kapab mande yon nan moun kap travay nan sekte a pou mete non ou nan lis atant nou an. Se tap anpil lajwa pou nou ta we ou rantre vinn jwen nou nan pwochen sezon an.

Pou plis enfomasyon kontakte nou nan centralbrooklyncsa.com

Swiv nou sou Facebook  facebook.com/CBCSA

Ak Instagram  [@central_brooklyn_csa](https://www.instagram.com/central_brooklyn_csa)

